Washington State Department of Social & Health Services
Transforming lives

# Ndimbalu xaalis bu DSHS wala Ndimbalu dundu

**Your DSHS Cash or Food Benefits**

| TURU KILIYAAN BI (KILIFA KËR GI) |
|---|
| NUMERO DÀNTITE KILIYAAN |

| Ndimbalu Xaalisu DSHS<br>TANF, Ndimbalu daw-làqu, ndimbalu ABD, Dimbalu diir bu gàtt |
|---|

☐ **Sabab bi**

DSHS dafay jox ndimbalu xaalis ñii di jaboot yu néew doole yi te yelloo bokk ci programi ndimbal i askan.
Ndimbal yooyu daf leen di jàppale ñu faj seen soxla yi njëkk ci seen dundu (RCW 74.04.770).

Waru ñu jëfandikoo ndimbalu xaalisu TANF ludul ci xale yi nga xam ni yaa leen yor. Mën nanu sàkku ci yaw firnde buy wane ni yaa ngi jëfandikoo ndimbalu TANF ci xale yi ko soxla (RCW 74.12.260).

☐ **Jëfandikoo gi jaadu**

Mën nga jëfandikoo ndimbal ci wàllu dundu, lu ci melni:

- Làquwaay
- Esaas
- Ñam
- Paas
- Yere
- Defar kër
- Toppatoo yaram
- Fay liggéeykat

☐ **Jëfandikoo gu yoon tere**

Sàrtu RCW 74.08.580, dafay tere ñu jëfandikoo kàrti Electronic Benefit Transfer (EBT) wala xaalis bu bawoo ci kàrti EBT ngir:

- Kàrt-xaalis. Li ñuy woowe kàrt-xaalis mooy tike lotëri, tike lànget, masinu dóor, bingo, kursu fas, powum casino, ak bépp beneen xeetu gañ-jël b nekk ci RCW 9.46, 67.16, ak ci 67.70.
- Fay ñu defal la tatuwaas, bënn sa yaram, wala ñiy taaral yaram.
- Jënd sigaret wala póon.
- Jënd sàngara.
- Jënd màrsandiis wala ay serwiis ci:
  - Taverns.
  - Bitigu biyeer wala vin fileek amu ñu ndigal lu bawoo ci SNAP wala WIC.
  - Barabi feccukaay yi
  - Agence yiy joxe kosioŋ.
  - Barab yu ñuy defee kàrt-xaalis.
  - Barabu bégal xol mag ñi ak yëfi saay-saay.
  - Bépp barab buñu tere képp ku amagul 18 at
    - Ci misaal, jaaykatu yàmbaa detaay yi ñuy jaay yàmbaa ak/wala costéef yu bawoo ci yàmbaa.

| Ndimbalu dundu bu DSHS |
|---|

☐ **Sabab bi**

Li programi ndimbali dundu DSHS boole ëmb mooy:

- Dundu gu njëkk.
- Programu Ndimbalu Dundu (Food Assistance Program, FAP) ngir imigre yi am këyit.
- Prose Càkkutéef yuñ Boole bu Washington (Washington Combined Application Project, WASHCAP).
- Ndimbalu Dundu ab Diir (Transitional Food Assistance, TFA).

Program yii dañuy jàppale njaboot yu néew doole yi ñu mëna jënd dundu ak kàrti xaalis xobbet (electronic benefits transfer, EBT).

☐ **Jëfandikoo gi jaadu**

Yaw, ak ñi nga bokkal kër, mën ngeen jëfandikoo seen ndimbalu dundu ngir jënd dundu ci jaaykat yu ndaw yi waa USDA, Serwiisu Dundu ak Dundal (Food and Nutrition Service, FNS) jox sañ-sañ.

Mën nga jëfandikoo sa ndimbal ngir jënd:

- Mburu ak dugub.
- Meññeef ak lujum
- Fromaas, meew, ak costéefi meew.
- Yàpp, jën, njanaaw, nen.
- Yeneen ñam yu bari yu wuute ak ñam yuñ tàng yuñ togg.
- Pepp ak garab yiy meññi dundu.

☐ **Jëfandikoo gu yoon tere**

Yoon tere nala nga:

- Jaay ndimbalu dundu gi ci leneen lu wuute ak jëndal dundu njaboot gi ko yelloo.
- Jaay, wala jéema jaay, sa kàrtu EBT.
- Wecci say ndimbal, wala ñam yi nga jëndee ak sa kàrtu EBT, ak leneen lu mëna doon (foroot). Yenn ci xeeti foroot yi yoon di tere ku ko weccoo ndimbal mooy weccoo ak xaalis xobbet, dorog wala gànnaay.
- Jox ndimbal li keneen ku bokkul ak sa waa kër.
- Jëfandikoo ndimbalu dundu ngir leneen lu bokkul ak dundu. Ci misaal, lu ci melni sigaret, póon, biyeer, vin, likër, jumtukaayi kër, saabu, costéefi këyit, ferñent, garab, wala ñamu mala biir kër
- Jëfandikoo sa ndimbalu dundu ngir fay say kontu kredi.



Barcode label

14520

<table>
<tr><th>Ndimbalu Xaalisu DSHS<br>TANF, Ndimbalu daw-làqu, ndimbalu ABD, Dimbalu diir bu gàtt</th><th>Ndimbalu dundu bu DSHS</th></tr>
<tr><td>

☐ **Daan yi ginaaw jëfandikoo ci anam wu jaaduwul**

Soo jëfandikoo sa kàrt EBT wala xaalis bi nga jëlee ci sa kàrt EBT ci anam wu jaaduwul wala ci anam wu jaarul yoon, mën nanu:

- Wut kuy yor ak aar sa ndimbalu xaalis xobbet.
- Laaj firnde buy wane ni jëfandikoo nga sa ndimbal ngir xale yi nga yor.
- Dakkal sa ndimbalu xaalis.
- Yóbbu mbir yi ci yoon, boole ci toppee la ñaawtéef.

☐ **Fere yi nga fay ci GAB bi ngir xaalis bi ngay jël ci sa kàrtu EBT**

Sooy jëfandikoo sa kàrt EBT ngir jël xaalis ci GAB bi:

- Boroom GAB bi wala bànk biy doxal masin bi mën nañu la yokk xaalis.
- Departemaa bi du fay wala delloo xaalis bu ëpp buñ la dagg ci GAB bi.
- Yenn bitik yi mën nañu la dello xaalis te doo fay.

</td><td>

☐ **Daan yi ginaaw jëfandikoo ci anam wu jaaduwul**

Soo tayee jëfandikoo sa ndimbalu dundu nu jaaduwul, mën nañu la:

- Digal nga fay bépp xéewal boo foroot.
- Dàq, nga ñàkk say ndimbal:
  - Benn at gën gaa néew.
  - Sa giiru dundu.
  - Génne la ci doonte danga toxu ci beneen etaa.
- Teg la ay alamaan.
- Yóbbu la ci yoon ak toppee la ñaawtéef.

  DSHS dina liggéeyandoo ak kilifay etaa yi, dëkk yi ak federal yi ngir teg daan njaayum ndimbalu dundu.

</td></tr>
</table>

Suma xaatimee ci suuf, nangu naa ni xamal nañu ma ni ñuy jëfandikoo ndimbalu dundu ak xaalis bu DSHS ci anam wu jaadu. Xamnaa ni ñuy jëfandikoo ndimbal yi ci anam wu jaar yoon, ak daani jëfandikoo gu jaaduwul. Xamnaa ni sama yelleefu am ndimbalu DSHS du am benn njeexital sudee xiitimu ma formileer bii. Ku xaatimul formileer bii dina ñu la teg ay daan ci prograam bi wala ndax ñaawtéef ci jëfandikoo ndimbal ci lu jaaduwul.

Xamnaa ni sama kàrt EBT dafay jox waa DSHS jaar-jaaru samay jëflante, boole ci fi may jëfandikoo sama kàrt. Xamnaa ni DSHS dina jëfandikoo leeral yii, ak sama jaar-jaaru càkkutéefu soppi kàrt, ngir luñutu jëfandikoo gu jaarul yoon gu ñeel ndimbal xaalis bi.

| XAATIM U KILIYAAN BI | BIS BI |
|---|---|
| | |

☐ Bañ na xaatim; Araf yi njëkk ci turu waa DSHS __________